# ЖАЗЫЎШЫ Ж. МУРАТБАЕВТЫҢ «ЖЕСИР» ПОВЕСТИНДЕ ҲАЯЛЛАР ОБРАЗЫНЫҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

**Шамшырақ Алдонгарова**
*ӨзРИАҚб Қарақалпақ гуманитар пәнлер илимий изертлеў институты, Қарақалпақ әдебияты бөлими таянш докторанты*

**Аннотация**: *Мақалада қарақалпақ жазыўшысы Ж. Муратбаевтың «Жесир» повестиниң мазмуны ҳаққында сөз етиледи. Повесттеги бас қаҳарман Гүлсара образы менен биргеликте басқа да ҳаял-қызлар образлары айтып өтиледи. Сол дәўирдеги турмыс қыйыншылықлары ашып бериледи.*

**Annotation**: *In the article, the Karakalpak writer Zh. Muratbayev's story "Widow" is discussed. The image of Gulsara, the main character in the story, is told along with other images of women and girls. The difficulties of life in that era are revealed.*

**Аннотация**: *В статье говорится о содержании повести «Вдова» каракалпакского писателя Жубаткана Муратбаева. Образ Гульсары, главной героини повести, рассказан наряду с другими образами женщин и девушек. Раскрываются трудности жизни в ту эпоху.*

Жазыўшы Жубатқан Муратбаев қарақалпақ әдебиятында өз орнына ийе прозаик есапланады. Оның бизлерге белгили «Дығырық» романы, «Айыр тилли, әдил үнли адамлар» (тарийхый дәстаны), «Аққуўға оқ дарымайды» (дәстан), «Жесир», «Парасат» ҳ.т.б повест ҳәм гүрриңлери бар. Қайсы шығармасы болса да, автор сюжет ҳәм композиция қурыў, қаҳарманлар образын жасаўда өзине тән стилине ийе.

Жубатқан Муратбаевтың «Жесир» повестинде урыс жыллары колхозшылардың пахта планын орынлаў ушин күни-түни ислеген мийнетин сәўлелендириў менен басланып, ўақыя сюжети бас қаҳарман Гүлсараның басынан өткерген қыйыншылықлары менен даўам етип, жақты күнлерге исенип жасаўы, ҳеш ўақыт мийнеттен қашпай, жалғыз баласы Алланды да туўра жолда тәрбиялаўға умтылыслары сөз етиле береди. Расында да, Ана қайсы ўақытта да Ана. Ол баўыр ети баласы ушин небир қыйыншылықларға да төзе береди.

Әдебият ҳаққында улыўма түсиниклердиң ҳәммесиниң келип қуятуғын сағасы, әдебият ҳаққындағы илимниң ең тийкарғы ҳәм актуаль мәселеси-образ ҳәм образлылық. Бул мәселени дурыс тарқатып түсиниў ушин, әўели әдебияттың объектиси-өмир болғанында, предмети-инсан екенлигин есте сақлаўымыз керек.

Белинский «шайырдың образ бенен ойлайтуғынын, оның ҳақыйқатты дәлийллеп отырмайтуғынын, көзге елеслетип қана көрсететуғынын, Чернышевский сөз өнериниң «шын мазмуны-тек инсан өмири екенлигин айтса, Гончаров қолына қәлем услағанлардың ишиндеги нағыз сүўреткерлерди айырықша баҳалап, «бир ғана ақыл менен он том жаз, бәрибир, «Ревизордағы» он адамның айтқанын тәкирарлай алмайсаң десе, Горький өзиниң «Кәсип туўралы нәсиятында» көркем әдебиятты, тап «Жәмийеттаныў» сияқлы, «Адамтаныў» («Человековедение») деп атады.

Жазыўшы Жубатқан Муратбаев та өзиниң «Жесир» повестинде инсан өмирин сүўретлейди, жесир ҳаял Гүлсараның басынан кеширгенлерин, оның аналық мухаббатын қаҳарманлар тилинде былай көрсетеди:

«...Ертең қалай болса да, Бахыт пенен Мерўерттен озыўы керек. Пахтаны шаңғалақтан ажыратыў қолға қараған жумыс. Азанда қалай болмасын жетпис-сексен кило пахта тапсырмаса, олар тағы бириншиликти алады.

Усыны сезген Аллан уйқы тирелген көзин ашып-жумып, анасына жәрдемлесип атыр. Баласының қалғыса да ғорек шығарып жәрдемлесип отырғанына сүйингенинен кеўили елжиреп кеткен Гүлсара:

-Қалғанын өзим ислермен. Сен уйықлай ғой, айнанайын,-деп төсегин салып берип, таң қулан ийек болып бозарғанша пахтаны шаңғалағынан айырып отырып, өзи де уйықлап кетти»( 2. 60). Мине бул жерде биз, «Ананың кеўили-балада» демекши, Гүлсараның да өзи ҳарып шаршағанына қарамай, баласына деген аналық мийиримин көриўимизге болады.

«Демек, әдебияттың предмети-адам десек, гүрриң таяр әдебий қаҳарман ҳаққында емес, жазыўшының сол қаҳарманды жасаў ҳәрекетиндеги барлық творчестволық шеберлигиниң ойы-қыры, бийиклиги болыўы тийис» (1, 88).

«Жесир» повестиндеги бас қаҳарман Гүлсара да таяр әдебий қаҳарман емес, бәлким, сол дәўирдеги көп ғана ҳаяллардың прототипи. Бирақ ҳәммеси де Гүлсара сияқлы мийнеттен қашпайтуғын, ата-баба дәстүрин сақлаған ақыллы емес. Ал, жазыўшы болса, бул образды жасаў үшин бир емес, бирнеше инсанлардың тәғдирин изертлеген болыўи мүмкин. Мәселен, повестте Бахыт ҳәм Мерўерт образы сүўретленеди. Олар болса, Гүлсараны мийнеткешлиги, ақылы олардан артықлығы, артық гәп-сөзге тәбиятынан алыс болғанлығы үшин онша жақтырмайтуғын, ҳәттеки тапсырған пахтасының килограмына шекем оның менен жарысатуғынын: «Үйилип атырған пахтаның қарамын көплеў көрген Бахыт:

-Неше килограмм тапсырдың?-деди Гүлсараға қарап...» (2, 62)-деген диалогынан көриўимизге болады.

Повестте «...еркеклер күндиз қанша жумыс ислегени менен, ақшам бир мезгил болса да, көз илдирип дем алады.

Ҳаял-қызлардың мийнети өлшеўсиз. Олар еркеклер менен бирдей таң қараңғысынан турып, шық кепкенше жоңышқа, арпа орса, күн аўғанша ғаўаша кетпенлеп, геўгимнен қараңғы түскенше адамға жүз батпан суў кешип жүрип пишен орады.

Арасында усыларды ислеп жүрип, кешке жағатуғын отынын таярлап, арқалап қайтады. Үйге келгеннен дәрҳал писирген жармасынан бир шайымын асығыс түрде ишип, ертеңги аўқаттың әнжамы: дигирман тартып, қамыр ийлеп қатырып, бала-шағаларының көйлек-кеншегин жуўып, соң дем алады. Усыншама мийнет ислесе де, сол ўақытлары ҳаяллар жети-сегиз бала тәрбиялап өсирип, күйеўин де иренжитпей, татыў туратуғын еди» (2, 69) -деп, сол дәўирдеги аўыр турмысты, соның менен бирге ҳаял-қызлардың көрген қыйыншылықларын усылайынша сөз етеди. Ҳәммениң де жағдайы мәзи емес. Күйеўи Есемурат урысқа кетип, еки жылдан аслам ўақыт өтсе де хат-хабар жоқлығы Гүлсараны қамықтырса да, улы Алланның қасында қолғабыс етип, илажы болса, анасын ҳешкимге иренжитпеўге ҳәрекет етиўи Ана жүрегине және де күш қосады. Бар үмити баласының келешекте жақсы инсан болып қәлиплесиўинде.

Ўақыт өтип, урыс та тамам болды. Есемураттан хабар болмады. Урыстан ерте келген иниси Тәжет колхозда бухгалтер болып ислеп

атыр. Гүлсараның қәйин атасы Баймурат келинин киши баласына қоспақшы болды.

«-Еки қатын алып, саў басымды саўдаға салмайман.

-Усы ойланып айтқан гәпиң бе?

-Аўа.

-Қармақтан қутылған балық шабағына қарамайды. Усы аўҳал сениң ошағыңда болса...» (2, 78)

Повестте унамсыз қаҳарманның бири-Қатыйша. Ол Тәжеттиң ҳаялы. Жазыўшы оны: «-Қарасына сойылғыр, жайрағырдың малына шекем тынышлық бермейди,-деп Қатыйша шаўлап, Гүлсара менен урысыўға сылтау излеп баспақты қуўып жүр екен»,(2, 79) -деп сүўретлеп береди. Бир оқығанның өзинде-ақ Қатыйша образы оқыўшысының кеўилине унамсыз көринеди, жәмийетте болса ондай ҳаяллар жоқ емес. Автор бас қаҳарман Гүлсараны сондай жақсы, унамлы етип сүўретлейди. Сонша гәп айтқан келини Қатыйшаға:

«-Қатыйша, қатар болсақ та, сен келинсең. Жақсы сөз жарым ырыс. Тойға сойылғыр десең болады ғой, қайнағаң аман келер ме екен? Қуўаберме, шаршап қаларсаң. Өзим айдап кетемен,-деп Гүлсара күлимсиреп, баспағын услап жетелеп қайтты» (2, 79) -деп жумсақ минез көрсетеди. Күйеуимди меннен тартып алажақ деген гүмән менен өз абысыны түўе баласын да жаўдай көрип, аўызынан нешше түрли ғарғыслар шығып атырған келинине бундай жақсы минез көрсетиў ҳәмменин де қолынан келе бермейтуғын ис.

Қатыйшаның ис-ҳәрекетлери шегинен асқаны соншелли, жесир мәселеси үлкен урысқа айланады. Бул ўақытта Гүлсара «Ата, кешириңлер. Ашыў адамның тилин шығарып, бетин ашады. Үйири жоқ байтал, айғырдың соры деген рас екен. Турмысқа шығаман десем, ҳеш биреўиңиз де алдыма кесе тура алмайсыз. Тийемен десем, Қатыйша басын тасқа урса да, шатаўат меннен қутыла алмайды. Бирақ мен байға тиймеймен. Мениң жанымды жеп жүрген жалғызымның тәрбиясы еди. Қатарынан кейинлеп қалса, әкесин излеп, жас бала ҳәр түрли муңға берилип кете ме деп қәўипленетуғын едим. Аталары менен жигит ағаларының қасында жүрсе, әкесиниң жоқлығы билинбейди-дейтуғын едим» (2, 95 )-деген гәплери Гүлсараның оғада ақыллы ҳаял екенлигин жүдә жоқары дәрежеге жеткерип сүўретлеп береди.

Жақсы инсан өмирде бәрибир жетискенликке ерисетуғыны ҳақыйқат. Қатыйша күйеўимди бөлиспеймен деп қызғаныштан

Гүлсараға небир сөзлер айтып кеўилин қабартқаны менен, аўыллас ҳаяллар да оның менен жарысып пахта тергени менен ҳешқайсысы Гүлсараға жете алмады. Баласы Аллан ақыллы болып ер жетип, үлкен қалаларда оқып, анасы Гүлсараның жаслықта көрген қыйыншылықларын умыттырып жиберди.

Жуўмақлап айтқанда, жазыўшы Ж. Муратбаевтың «Жесир» повестиндеги ҳәр бир қаҳарманның өзинше дурыс ой-пикирлери бар. Қайсы ҳаял образын сүўретлесе де барлығы да өмирде ушырасатуғын инсанлар. Биреўге жаманлық тилемей, дурыс жолдан жүрген ҳәр бир адам нәтийжесинде жоқары дәрежелерге жететуғыны өмир шынлығы.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР:

1. З. Қабдолов. «Сөз өнері», оқулық-монография, Алматы, «Санат» 2007, 88-бет
2. Ж. Муратбаев «Аққуўға оқ дарымайды» (Дәстан ҳәм повест), Нөкис, «Билим»-1993